



Fè yon Etid Sond PH an Sekirite

Yon Etid Sond PH se yon tès ki mezire kantite ji asid ki ka remonte nan ezofaj pitit ou a. Tès la ede dyagnostike remonte asid ak pwoblèm pou vale.

Yo mete yon tib fen anpil, fleksib (tankou yon branch espageti kwit) nan nen pitit ou a ak nan ezofaj la. Y ap tepe pati ki rete nan tib la sou machwè pitit ou a pou anpeche l deplase. Apre sa, yon radyografi pral ede asire ke sond la nan bon kote a. Pwosisis pou mete tib la pran apeprè 10 minit, men tès la pran 24 èdtan epi li mande yon sejou lopital.

Malgre li pa fè mal, li bay yon sansasyon diferan pou gen yon bagay ki tankou yon branch espageti nan nen w epi li nòmal pou timoun yo eseye rale li soti. Pou tib la ka rete nan plas li san danje, yo ka itilize kontrent dosil, ki rele "non-non". Sa yo chita toutotou koud pitit ou a konsa li ka toujou sèvi ak men li epi ka deplase.

- Di doktè w la tout medikaman pitit ou a ap pran epi mande si okenn ladan yo ta dwe sispann pou etid la.
- Prepare yon valiz pou nwit lan avèk jwèt ak atik enpòtan pou pitit ou ak ou menm.

Wi, yon moun k ap okipe li ka pase nwit lan ak pitit ou a. Nou vle aktivite pitit ou a nòmal otan ke sa posib ak twa bagay enpòtan:

- Pitit ou a bezwen dòmi plat sou do pandan etid la.
- Pa gen sirèt oswa chiklèt pandan etid la.
- Kenbe aparèy la sèk.

Apre etid la, pitit ou a ka gen gòj fè mal. Pitit ou a ka kontinye rejim nòmal li apre etid la. Si pitit ou a devlope lafyèv oswa vomisman, kontakte founisè swen li a. Pwofesyonèl swen sante w yo ap rele w pou ba w rezilta tès la nan kèk jou.